

Lite Kont Piki Moustik!



DRENNEN epi **KOUVRI**

DRENNEN

**Anpeche moustik viv epi miltipliye
bò lakay ou oswa biznis ou.**

DRENNEN DLO DÒMI ki nan poubèl, goutyè, kouvèti pisin, glasyè, jwèt, potaflè, bwomelyad oswa tout lòt resipyan kote dlo pou wouze oswa dlo lapli stoke.

JETE vye kawotchou, dwoum, boutèy, bidon, po ak kastwòl, aparèy kase ak lòt atik ki pap sèvi.

VIDE EPI NETWAYE basen zwazo ak abrevwa bèt domestik yo, youn oswa de fwa pa semenn omwens.

PWOTEJE bato ak machin kont lapli ak bach ki pa kenbe dlo.

KENBE konpozisyon chimik dlo pisin yo. Vide pisin an plastik yo lè yo pap sèvi.



Pou rapòte nwizans moustik, rele 311 oswa telechaje aplikasyon mobil gratis nou an, 311 Direct.



#DrainAndCoverMiami

Lite Kont Piki Moustik!



DRENNEN epi **KOUVRI**

KOUVRI

Pwoteje tèt ou kont piki moustik ak maladi yo kapab pote.

KOUVRI PO W ak rad si w dwe rete deyò lè moustik yo aktif. Mete soulye, chosèt, pantalon long, ak manch long.

PASE SOLISYON KANPE LWEN POU MOUSTIK sou po w ak rad ou. Toujou itilize solisyon kanpe lwen jan etikèt la di l la. Solisyon kanpe lwen ki fèt ak DEET, ikaridin, esans sitwon ekalptis, ak IR3535 efikas.

ITILIZE MOUSTIKÈ pou pwoteje timoun pi piti pase 2 mwa.

SKRINE PÒT AK FENÈT YO pou moustik pa rantre nan kay la. Repare eskrin fenèt, pòt, galri ak teras yo.

